

Kickboard nan RPDC

Nan Roxbury Prep, nou itilize Kickboard antanke yon lojisyèl sou entènèt ki la pou jere konpòtman. Pwofesè yo ak administratè yo itilize lojisyèl sa pou yo bay elèv yo "merit" pou konpòtman pozitif yo. Apre elèv yo akimile merit yo pandan tout ane a epi elèv ki gen merit ki pi wo yo ka itilize yo pou yo achte pri pandan ane a, yo ka seleksyone yo tou pou kèk wol espesyal tankou "Griffin Leaders", elèv yo tou ka genyen merit pou yo patisipe nan vwayaj ki gen rapò ak yon matyè ansanm ak patisipasyon nan lekòl dans yo.

Lis Merit yo

<u>Non Merit lan</u>	<u>Valè Pwen</u>
Konpasyon	2
Bous	2
Detèminasyon	2
Kouraj	2
Ijans	2
Antouzyas	4
Kran	4
Sitwayènte	4
De (2) Je kontre (Caught In The Act, CITA)	5
Dezyèm plas (Runner Up)	5
MVP	10
Griffin Semèn Nan	20
Honor Roll	30
Lis Ko-Direktè	30

Kòman pou w antre sou Kickboard

Yo bay fanmi yo tout enstriksyon sou kòman pou yo monte sou Pòtay Fanmi an nan kòmansman ane akademik lan. Si w toujou gen pwoblèm pou w monte sou li, tanpri voye yon imel bay mo@roxburyprep.org.